

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÈKOMÈNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis jeung pedaran hasil kamampuh nulis sisindiran ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe *Kancing Gemerincing* ka siswa kelas VIII-D SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017, dicindekeun ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-D SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe *Kancing Gemerincing* kawilang can mampuh (62,5) tina KKM (75). Dumasar tiori Halim jeung Haris (dina skripsi Rohaéti 2010, kc. 30), aspek anu dipeunteun nya éta organisasi eusi sisindiran, pilihan struktur (kasaluyuan guru lagu jeung guru wilangan sarta purwakanti), éjahan jeung diksi, jeung karapihan tulisan sisindiran. kamampuh nulis sisindiran aspék organisasi eusi tina hasil *pretest* nuduhkeun yén kamampuh siswa sedeng (3,4) , bisa nulis kalayan runtut nyambung antar padalisan eusina, tapi loba kénéh siswa nalika nulis sisindiran, dina cangkang ngagunakeun kalimah eusi. Rata-ratana 3,4 (68%). Kamampuh nulis sisindiran aspék pilihan struktur (kasaluyuan guru lagu jeung guru wilangan sarta purwakanti) tina hasil *pretest* kaasup kategori sedeng (3,1), sabab nalika nulis sisindiran siswa teu ngagunakeun pola sisindiran dina sora tungtung padalisanana. Tapi aya sawatara siswa anu mampuh dina aspék purwakanti. Rata-ratana 3,1 (62%). Kamampuh nulis sisindiran siswa dina aspék éjahan jeung diksi tina hasil *pretest* kaasup sedeng (3,1), loba siswa anu teu merhatikeun dimana nempatkeun huruf kapital, siswa ogé can bisa ngabédakeun huruf vokal e, é jeung eu. Sedengkeun dina pilihan kecap , aya sawatara siswa ngagunakeun basa atawa diksi (pilihan kecap) anu campur saperti ngagunakeun basa Indonesia. Rata-ratana 3,1 (62%). Kamampuh nulis sisindiran aspék karapihan tulisan sisindiran tina hasil *pretest* siswa kaasup kategori sedeng (3,2) ,bisa merhatikeun penggunaan titik

jeung koma, tapi loba kénéh siswa nalika nulis sisindiran téh, teu merhatikeun karapihanana. Rata-ratana 3,1 (64%).

- 2) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-D SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 sabada ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* kaasup mampuh (80) atawa geus bisa ngahontal KKM (75) anu geus ditangtukeun. Ieu hal katitén tina hasil rata-rata *posttest* 80 nu asalna 62,5. Kamampuh nulis sisindiran aspék organisasi eusi tina hasil *posttest* kawilang panggedéna kaasup kana kategori luhur (4). Ieu hal nuduhkeun yén kamampuh siswa kawilang ngaronjat atawa mampuh, siswa nulis kalayan runtut nyambung antar padalisan eusina, tapi aya kénéh sawatara siswa nalika nulis sisindiran, dina cangkang ngagunakeun kalimah eusi. Rata-ratana 4 (80%). Kamampuh nulis sisindiran aspék pilihan struktur (kasaluyuan guru lagu jeung guru wilangan sarta purwakanti) tina hasil *posttest* kawilang sedeng (3,9) anu ngaronjat atawa mampuh, siswa bisa nulis sisindiran kalayan merhatikeun sora tungtungna (purwakanti) ngagunakeun pola jeung aturananan. Tapi aya sawatara siswa anu can mampuh dina aspék pilihan struktur. Rata-ratana 3,9 (78%). Kamampuh nulis sisindiran siswa dina aspék éjahan jeung diksi tina hasil *posttest* kawilang sedeng (3,8) anu ngaronjat atawa mampuh. Ieu hal nuduhkeun yén kamampuh siswa dina nulis sisindiran kalayan merhatikeun dimana nempatkeun huruf kapital, siswa ogé bisa ngabédakeun huruf vokal e, é jeung eu. Tapi aya sawatara siswa nu can mampuh. Sedengkeun dina penggunaan basa, pilihan kecapna merenah tapi aya sawatara siswa anu can bisa nuli sisindiran ku cara merenah. Rata-ratana 3,9 (78%). Kamampuh nulis sisindiran aspék karapihan tulisan sisindiran tina hasil *posttest* siswa kawilang sedeng (3,8) anu ngaronjat atawa mampuh, siswa bisa nulis kalayan merhatikeun aturan penulisan sisindiran, tapi aya kénéh sawatara siswa nalika nulis sisindiran téh, teu merhatikeun titik jeung koma. Rata-ratana 3,8 (76%).
- 3) Ngaronjatna Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-D SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 sabada ngagunakeun Modél pangajaran

kooperatif tipe *kancing gemerincing* bisa katitén tina rata-rata *pretest* nu 62,5 ngaronjat dina hasil *posttest* jadi 80. Hartina, gedé pangaruh modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran nya éta 63%. Kamampuh nulis sisindiran dina aspék organisasi eusi tina hasil *pretest* nuduhkeun yén kamampuh siswa sedeng rata-ratan 3,4 (68%) sedengkeun sabada ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* peunteun rata-rata ngaronjat jadi 4 (80%). Hartina gedé pangaruhna modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* dina ngaronjatkeun aspék organisasi eusi nalika nulis téh nyaéta 0,6 (12%). Kamampuh nulis sisindiran dina aspék pilihan struktur (kasaluyuan guru lagu jeung guru wilangan sarta purwakanti) tina hasil *pretest* nuduhkeun yén kamampuh siswa sedeng rata-ratana 3,1 (62%) sedengkeun sabada ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* peunteun rata-rata ngaronjat jadi 3,9 (78%). Hartina gedé pangaruhna modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* dina ngaronjatkeun aspék pilihan struktur (kasaluyuan guru lagu jeung guru wilangan sarta purwakanti) nalika nulis téh nyaéta 0,8 (16%). Kamampuh nulis sisindiran dina aspék éjahan jeung diksi tina hasil *pretest* nuduhkeun yén kamampuh siswa sedeng rata-ratana 3,1 (62%) sedengkeun sabada ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* peunteun rata-rata ngaronjat jadi 3,9 (78%). Hartina gedé pangaruhna modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* dina ngaronjatkeun aspék éjahan jeung diksi nalika nulis téh nyaéta 0,8 (16%). Kamampuh nulis sisindiran dina aspék karapihan tulisan sisindiran tina hasil *pretest* nuduhkeun yén kamampuh siswa sedeng rata-ratana 3,2 (64%) sedengkeun sabada ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* peunteun rata-rata ngaronjat jadi 3,8 (76%). Hartina gedé pangaruhna modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* dina ngaronjatkeun aspék karapihan tulisan sisindiran nalika nulis téh nyaéta 0,6 (12%).

- 4) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-D SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 ngaronjat kalayan signifikan. Rata-rata hasil *pretest* 18%

sabada *posttest* ngaronjat jadi 81,5%. Hartina, gedéna pangaruh modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran téh nya éta 62%. Hasil uji béda dua rata-rata nuduhkeun  $t_{itung} > t_{tabel}$  nya éta  $16,36 > 2,42$ , hartina hipotésis alternative (Ha) ditarima sarta hipotésis nol (H0) ditolak.

Dumasar hasil ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-D SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing*.

## 5.2 Implikasi

Modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* dilarapkeun dina pangajaran nulis sisindiran pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa. Dialarapkeunana ieu model meunang dukungan jeung aprésiasi anu hade boh ti siswa boh ti guru. Ieu hal bisa ditarima sacara positif dina pangajaran di sakola ku sabab prak-prakan dina ngalarapkeun modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* kawilang leuwih ngirut jeung matak pikaresepeun. Ayana modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* jadi salasihiji alesan pikeun siswa numuwuhkeun kaparigelan dina pangajaran nulis sisindiran. Ieu model pangajaran téh ngadumaniskeun kamampuh mikir jeung nulis anu dibarengan ku suasana diajar anu pikaresepeu, nyaéta “diajar bari ulin” , snu pasti bakal leuwih gampang dina maham matéri, henteu matak bosen, ogé nimbulkeun karep anu hade nalika ngeusian tés.

## 5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-D SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017, aya sawatara rékoméndasi ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran. Ku sabab kitu, ieu modél pangajaran téh bisa dijadikeun salasihiji alternatif pikeun guru dina pangajaran di kelas;
- 2) Modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing* bisa ngarojong siswa dina diajar anu bervariasi ngagunakeun kancing, teu monoton;
- 3) Guru kudu leuwih taliti dina nangtukeun instrumen soal pikeun tés ka siswa, hartina guru kudu taliti dina milih kecap-kecap anu bakal dijieun dina wangun;
- 4) Ku lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén, perlu diayakeun deui panalungtikan dina ékspérimén murni sangkan meunang ambahan anu leuwih lega;
- 5) Pikeun panalungtikan satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing*; jeung
- 6) Ayakeun modél-modél pangajaran séjénna nalika di kelas, sangkan ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran di SMP.